

PWOGRAM ASISTANS ABCD POU ENÈJI NAN KAY (HEAP)

Tanpri ranpli aplikasyon w lan konplètman, siyen epi voye li tounen ban nou pa LAPÒS ansanm ak dokiman w yo nan:
BOSTON, BROOKLINE & NEWTON: ABCD Fuel Assistance, 178 Tremont Street, Boston MA 02111
REJYON MYSTIC VALLEY: ABCD Fuel Assistance, 18 Dartmouth Street, Malden MA 02148

① IDANTIFIKASYON

- Moun k ap aplike a dwe bay yon foto idantite.
- Ou dwe bay tou (1) nan prèv Sitwayènte ki anba yo **OSWA** Estati Etranje Kalifye pou **CHAK** manm nan fwaye a:
 - Kat Sosyal Sekirite
 - Batistè Ameriken
 - Paspò Ameriken ki Poko Ekspire
 - Kat Rezidans Pèmanan ki Poko Ekspire
 - Sètifika Natiralizasyon Ameriken
 - Kontakte biwo nou pou jwenn yon lis konplè lòt dokiman ki kapab akseptab

② LOJMAN

- Lokatè:** Kontra lwaye aktyèl **OSWA** chèk lwaye anile
- Lojman sibvansyone:** Dokiman ki montre pòsyon lwaye pa w la **OSWA** yon fich kalkil lwaye
- Ipotèk:** Relve ipotèk aktyèl. Si ou pa gen ipotèk, tanpri soumèt bòdwo taks sou byen imobilye aktyèl ak bòdwo asirans pwopriyetè kay la.
- Chofaj ki enkli nan lwaye a: DWE** soumèt **LWAYE AKTIYÈL la** ki endike **ke CHOFAJ ENKLI NAN LWAYE A**. Ou dwe bay non, adrès ak nimewo telefòn pwopriyetè w l. Si ou pa gen yon kontra lwaye, tanpri kontakte biwo nou.

③ CHOFAJ AK ENÈJI

- Bòdwo sèvis itilite:** Yon bòdwo **Gaz** aktyèl ak/oswa bòdwo **elektrisite aktyèl**
- Chofaj ak Luil:** Tanpri bay non konpayi luil ou a. Konpayi luil ou a dwe genyen yon kontra ak ABCD epi ou dwe se yon kliyan anrejistre.

④ REVNI

- Ou dwe dokimante TOUT revni fwaye a:**
 - Okenn revni:** Tout moun ki gen plis pase 18 an dwe ranpli yon deklarasyon okenn revni ke ABCD bay.
 - Elèv:** Nenpòt moun ki gen ant laj 18 ak 23 an, ki se yon etidyan, dwe bay yon lèt verifikasyon anwolman aktyèl lekòl la.
 - Salè: 4** dènye souch chèk konsekitif **OSWA 2** dènye konsekitif yo si ou touche chak de semèn pou 30 dènye jou ki sot pase yo
 - Chomaj:** Paj rezime benefis **aK** Paj istorik peman yo enprime apati UI (entèfas itilizatè) an liy <https://uionline.detma.org/Claimant/Core/Login.ASPX>. **OSWA** Yon kopi premye souch chèk la **ansanm ak** yon relve bankè ki montre dènye mwa depo yo.
Tanpri sonje: Non aplikan an ak oswa nimewo sekirite sosyal li dwe parèt sou tout dokiman yo.

→ VIRE PAJ LA → TANPRI TCHEKE DÈYÈ DO A →

PWOGRAM ASISTANS ABCD POU ENÈJI NAN KAY (HEAP)

Tanpri ranpli aplikasyon w lan konplètman, siyen epi voye li tounen ban nou pa LAPÒS ansanm ak dokiman w yo nan:
BOSTON, BROOKLINE & NEWTON: ABCD Fuel Assistance, 178 Tremont Street, Boston MA 02111
REJYON MYSTIC VALLEY: ABCD Fuel Assistance, 18 Dartmouth Street, Malden MA 02148

- **Asistans Finansye nan men lòt moun:** Si w ap resevwa sipò finansyè pou kouvri frè sibsisans de baz yo, sipòtè a dwe ranpli yon "Fòm Asistans Finansyè" ABCD bay **OSWA** yo ka soumèt yon "deklarasyon sipò" ki siyen.
- **Djòb Okazyonèl:** Ou dwe ranpli "Fòm Djòb Okazyonèl" ABCD a.
- **Sekirite Sosyal, SSI, SSDI:** Lèt benefis aktyèl Sekirite Sosyal **OSWA** 1099
- **SSP:** Relve Bankè aktyèl la **OSWA** Lèt benefis DTA
- **Asistans Tranzisyonèl:** Lèt prim aktyèl la
- **Benefis Veteran:** Deklarasyon benefis Sous la **OSWA** 1099
- **Pansyon:** Lèt aktyèl la oswa souch chèk nan men sous la ki endike montan brit la **OSWA** 1099.
- **Travay Endepandan:** Deklarasyon revni federal aktyèl la ki enkli tout anèks yo**
- **Revni Lwaye:** Deklarasyon Revni Federal aktyèl la ki enkli tout anèks yo **

Si ou pa ranpli taks: Soumèt yon lèt lokatè a ki endike montan lajan yo peye pou lwaye a **OSWA** kontra lokatè a **OSWA** yon chèk lwaye anile **AK** pou rezon dediksyon, soumèt kopi asirans pwopriyete kay ou a, taks sou byen imobilye ak bòdwo dlo/egou pou ane a.

**** Si se oumen ki prepare taks ou yo, ou dwe soumèt tou yon "Tax Return Transcript" IRS ou ka jwenn sa nan rele IRS @ 844-545-5640. [/b]**

- **Sipò Timoun:** Dokiman DOR enprime **OSWA** òdonans tribinal ki pi resan **OSWA** lèt sipòtè a **OSWA** Kopi chèk ou resevwa.
- **Pansyon Alimantè:** Odonans tribinal ki pi resan an **OSWA** kopi chèk **OSWA** yon lèt sipòtè a
- **Ranbousman Sèvis Itilite nan Lojman:** Dokiman aktyèl ki soti nan Housing Authority ki endike montan ranbousman an
- **Fanmi Akèy / Sibvansyon pou Adopsyon:** Dokiman sous la ki montre frekans ak montan brit **OSWA** souch chèk pou 30 dènye jou ki sot pase yo
- **Siksasyon ak Fidisi** Tanpri bay yon kopi dokimantasyon Fidisi nan tout entegralite li **OSWA** notifikasyon alekri yon bank/otorite legal ki presize montan ak kondisyon revni yo.
- **IRA, Rant oswa Alokasyon:** Dokiman sous la ki montre frekans ak montan lajan brit **OSWA** 1099
- **Enterè oswa Dividand:** 1099 OSWA Taks sou revni federal aktyèl yo** **OSWA** lèt sous la
- **Konpansasyon pou Aksidan Travay oswa Peman pou Andikap:** Dokiman sous la ki montre, montan brit aktyèl la ak frekans peman yo.
- **Yon Sèl Peman/Gen nan Kapital:** Taks sou revni federal aktyèl yo** **OSWA** yon lèt sous la ki montre montan lajan brit yo resevwa.
- **Lèt Revni:** Tanpri soumèt dokimantasyon ki montre sous la ak frekans peman yo.